

KISA NOU YE



LOJMAN

PWOBLÈM LOKATÈ YO APRE YON DEZAS

KONTAKTE NOU



954-736-2400



www.CoastToCoastLegalAid.org



Se Legal Services of North Florida, Inc. ki prepare
sa a.



YON GID RAPID SOU DWA AK RESPONSABLITE OU SI OU SE YON LOKATÈ EPI PWOPRIYETE LOKASYON OU TE ANDOMAJE OSWA DETWI AKOZ YON DEZAS NATIRÈL.

1 Li Kontra/Kontra Lwaye ou a – Si ou gen yon kontra alekri oswa yon kontra lwaye, li li ak anpil atansyon pou ou wè si li genyen okenn kondisyon konsènan domaj oswa destriksyon apre yon tanpèt.

2 Enspekte Kay la – Pran foto kay/apatman an anvan epi imedyatman apre tanpèt la. Kenbe foto ak/oswa videyo sa yo pou dosye ou. Pran foto kontra lwaye a ak kontra asirans lokasyon si gen youn.

3 Obligasyon Pwopriyetè a – Pou respekte kòd oswa si pa gen okenn kòd, antretyen do kay la, fenèt yo, pòt yo, eskalye galri yo, mi eksteryè yo, fondasyon, ansanm ak eleman estriktirèl ak plonbri yo.

4 Obligasyon Lokatè a – Enfòme pwopriyetè a pi vit posib sou domaj nan kay la oswa nan apatman an.

5 Kay la Andomaje – Si kay la oswa apatman an andomaje sèlman an pati, dapre lalwa Florid, lwaye ou a ka desann selon valè pati kay la ki andomaje oswa detwi a. Fè mèt kay la konnen alekri entansyon ou pou ou redwi lwaye a.

6 Kay la Detwi – Dapre lalwa Florid, ou ka sispann kontra lokasyon an epi imedyatman kite pwopriyete a. Bay mèt kay la yon avi alekri kap endike domaj ak destriksyon yo epi kite lokal la imedyatman.

7 Pran Foto – Pran foto pwopriyete a anvan ak apre tanpèt la pou dokimante domaj tanpèt la sou lokal la.

8 Pwopriyete Pèsonèl Detwi – Pwopriyete pèsonèl andomaje se nòmalman responsablite lokatè a. Si ou te achte asirans lokatè, ranpli yon reklamasyon ak konpayi asirans lan otreman ranpli yon reklamasyon FEMA pou pwopriyete pèsonèl ki te andomaje oswa detwi yo.

9 Degèpisman Ilegal – Pwopriyetè kay la pa gendwa sèvi ak fòs oswa lòt mwayen ilegal tankou chanje seri yo oswa retire pòt yo pou mete ou deyò. Mèt kay la dwe an premye ba ou yon avi alekri pou ou demenaje anvan li depoze yon aksyon pou degèpisman. Si pwopriyetè a depoze yon aksyon pou degèpisman, ou gen sèlman pou ou demenaje apre yon jij siyen yon lòd degèpisman. Kontakte pwogram asistans legal lokal ou a oswa yon lòt avoka si ou kwè yap fè ou degèpi.

